


# NOTIFIKASYON POU PIBLIK LA



## Avi MassDEP sou Nondiskriminasyon

Depatman Massachusetts de Pwotèj Anviwònman (Massachusetts Department of Environmental Protection) (MassDEP) opere pwogram li yo, sèvis li yo, ak aktivite li yo konfòme ak lwa sou nondiskriminasyon ki aplikab yo. MassDEP konfòme ak lwa ak règleman federal ak leta ki aplikab yo epi nou p ap tolere diskriminasyon, entimidasyon, menas, presyon ak vanjans sou okèn moun ni okèn gwoup.

### **Lwa Federal– Tit VI/Pwotèj kont Nondiskriminasyon**

MassDEP konfòme ak Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil de 1964 la ak lòt lwa ak règleman federal<sup>1</sup> ki aplikab yo nan aplikasyon pwogram li yo. Tit VI entèdi diskriminasyon nan pwogram asistans federal epi li egzije ke okèn moun nan Etazini dwe, pou rezon ras, koulè oubyen orijin nasyonal (ki enkli konpetans limite nan lang anglè), eskli nan patisipasyon nan, swa refize benefis de, oubyen otreman sibi diskriminasyon anba kèlkeswa pwogram oubyen aktivite ki resevwa asistans finansye federal.

### **Lwa Leta– Pwotèj kont Nondiskriminasyon**

MassDEP konfòme ak Lòd Egzekitif Gouvènè a nimewo 526, seksyon 4 ki egzije tout pwogram, aktivite, ak sèvis ki founi, pèfòme, lisansye, afrete, finanse, regile, oubyen kontrakte pou epi pou leta a fèt san diskriminasyon illegal baze sou **ras, koulè, laj, sèks, etnisite, oryantasyon seksyèl, idantite oubyen ekspresyon seksyèl, relijyon, kwayans, desandans, orijin nasyonal, andikap, estati kòm veteran (ki enkli veteran nan epok lagè Vietnam), oubyen orijin.**

MassDEP konfòme ak Lwa sou Akomodasyon Piblik leta a, G.L. c. 272 §§ 92A, 98, 98A, ki entèdi fè okèn distenksyon, diskriminasyon, oubyen restriksyon nan admisyon a, oubyen tretman nan yon andwa de akomodasyon piblik baze sou **ras, koulè, kwayans relijyè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, soud, avègleman, oubyen kèlkeswa andikap fizik oubyen mantal, ak desandans.**

Pou mande plis enfòmasyon sou avi sa a, oubyen pou depoze yon plent anba Tit VI oubyen lòt lwa kont nondiskriminasyon, tanpri kontakte:

Deneen M. Simpson, Kowodonatè Non-Diskriminasyon  
MassDEP – Biwo Jistis Anviwònman  
100 Cambridge Street, Suite 900  
Boston, MA 02114  
Telefòn: 857 406-0738  
Imèl: [deneen.simpson@mass.gov](mailto:deneen.simpson@mass.gov)

<sup>1</sup> Lwa federal egzije konfòmite pa ajans leta ki resevwa finansman federal anba lòt lwa sou nondiskriminasyon sa yo tou: Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon de 1973, Lwa sou Diskriminasyon selon Laj de 1975, Tit IX nan Amanman Edikasyon de 1972 ak Seksyon 13 nan Amanman sou Lwa sou Kontwòl Polisyon Dlo Federal de 1972. Ajans Pwotèj Anviwònman U.S. (Environmental Protection Agency) (EPA) te enkòpore egzijans federal sou nondiskriminasyon nan règleman li yo ke ou ka twouve nan 40 CFR Pati 5 ak 7.